

Dejan Pou Prezidan: Yon Champyon Lekòl an Kreyòl

Emmanuel Fortune, Inivèsite Laflorid

Nan chapit 20 Dejan pale sou règ gramè. Li esplike jan grameryen lontan pa t montre pèp yo jan pou yo rekonèt fraz byen anfòm avèk fraz ki pa anfòm. Dejan di, “liv gramè fèt kon sa paske moun deja gen sèten lide sou koze lang.” Sa vle di, depi moun gen tan konprann yon lang, li pa fè sans pou grameryen mete règ sou mo apre moun fin aprann lang nan. Dejan kontinye fe yon ti pale sou afè vèb ak konpleman vèb nan lang kreyol. Li di anpil ayisyen pa menm konnen depi vèb ak konpleman egziste. Antouka, anpil ayisyen toujou suiv règ la. Yo kenbe vèb ak konpleman ansanm san yo aprann règ. Dejan di se yon prensip ki nan tèt tout moun. Sa se bon pawòl Dejan ekri. Li bay yon seri de egzanp ki montre jan mo ak fraz an kreyòl suiv règ konpleman ak vèb nan lang la. M ta di grameryen pa gen dwa chanje lang kreyòl la nenpòt jan. Lang la gentan kenbe yon seri de règ ki inivèsèl. Menm jan nou te wè nan klas la lòt jou, gen règ lengwistik ki montre lang kreyol la se yon lang nòmal e natirèl. Lang kreyol la pa anmède avèk règ òtograf nou ta jwenn nan angle. Se yon lang ki byen anfòm epi li sèvi moun nan tout koze.

Lòt koze mwen vle fè refleksyon sou li se jwèt eskrab an kreyòl. Jwèt la byen enteresan. Se yon jwèt m konn jwe tout tan lakay mwen, epi se yon jwèt m konn genyen ladann anpil. Yon obzèvasyon mwen te wè premye jou a, se jan li te fasil pou moun chwazi mo. Lang kreyol la plen avèk mo. Se yon bèl bagay. Ou pa bezwen bat tèt ou pou chache mo.

Eskrab an Kreyol

Jan ou jwe eskrab kreyòl se menm jan ou jwe eskrab anglè. Chak moun chwazi sèt jeton. Lè chans yo rive fòk yo mete yon mo ki bay bon valè pwen. Depi moun genyen pwoblèm avèk chwazi mo, yo mèt pase chans yo pou dezyèm moun kapab ale. Jwèt la byen fasil men li prezante

anpil opòtinite pou moun aprann mo nouvo. Lòtre jou pwofesè Tes ki soti FIU te vin jwe avèk nou. Li te mete yon mo ki mare tèt tout moun nan tab la. Mo a pa te yon mo espesyal. Dejan gentan esplike lang kreyòl la se youn ti fasil avèk anfòm. Mo Tes te yon mo anpil nan elèv yo te tandè yon fwa men yo pa t jamn sèvi avèk li jan Tes te sevi avèk li nan jwèt la. Pou rezon sa m renmen jwèt eskrab kreyòl la. Menm depi ou konnen anpil mo an kreyòl ou ka toujou aprann lòt sans mo genyen. Depi Dejan te tou jou nan latè a li tap apresye jwèt la anpil.

Dejan te genyen anpil konesans sou afè lang. Pa sèlman lang kreyòl la, men anpil lang. Li te kòn pale franse, kreyòl, y angle. Epi li posib li te kòn pale panyòl. Gen de lè Dejan te kòn pweche nan legliz, apre sa li te fè pwofese pou yon ti moman. Liv Dejan gen anpil rechèch ki soti nan tout bò. Li pale de lang moun italyen, moun panyòl, moun franse, avèk anpil lòt peyi. Dejan se yon moun ki te kon suiv koze nan tout peyi. Mèwi te genyen anpil pwoblèm nan peyi d' Ayiti men Dejan t ap suiv pwoblèm peyi a nan yon konteks ki aplike avèk tout moun. Reson m kwe li fe sa, e pou tet kreyol se yon lang li vle pou tout moun nan lot peyi pou yo suiv li. E pa selman ayisyen ki vlezwen konnen ki sa ap fèt avèk lang peyi Ayiti.

Mwen Genyen Rèv

Yon jou ap rive lè moun ki visite Ayiti gentan aprann pale kreyòl. Menm jan tankou lang franse. Moun aprann lang le yo nan lekòl apre sa yo visite peyi a pou vakans. Depi anpil moun kòmanse aprann lang kreyol la, y ap kòmanse apresye lang nan avèk peyi. Sa kapab ede peyi a jwenn anpil kòb. M ta renmen we plis moun visite Ayiti poutet li se yon bèl peyi. Sitiyasyon ekonomik moun ayiti ta vole anpil depi plis moun ta visite peyi a. Ayisyen kapab vann mizik oubyen desen yo. Ayiti gen yo bèl istwa. Fòk moun konnen sa.

Mwen fin rive nan yon laj kounye a m vlè vizite peyi parann mwen te kon viv nan. Genyen anpil violanse men yon jou fo m wè bèl bagay mama mwen te konn pale de. Mwen genyen an pakèt ti kouzen ki toujou viv nan Ayiti. M ta renmen visite yo pou m wè jan nou diferan. Plis pase sa m vlè wè jan nou menm jan moun. Ayisyen se moun ki kenba fo. Nou genyen anpil damou pou frè ak sè nou.

Pou rèv Dejan rive fò moun kreyòl nan tout late a suiv ki sa ap fet nan Ayiti. Menm si ou soti nan peyi a de twa ane, oubyen li te mèt vensenk ane fò ou toujou suiv ki sa ap fet nan peyi ou. Depi nou pa voye je, moun franse oubyen moun o Zetazini ap kòmanse voye zye. Pita yo ap pwan peyi. Menm y ap kòmanse avèk lang nan. Se poutèt sa lè ou pwan lang yo moun ou pwan nam yon moun.

Dejan: Yon chanpyon eskrab san li Jwe

Jwèt eskrab kreyòl se yon jwèt trè enteresan. Pwemye fwa m te jwe l li te fasil. Kounye a m ap jwèn anpil kòmplikasyon. Gende lè m pa kapab jwenn mo pou m jwe epi m oblije pedi chans mwen. Jan jwèt la regle ou ka pèdi chans ou plizyè fwa yo toujou resevwa yon vikwa men li difisil pou fè. M toujou renmen jwèt la poutet li bay moun chans pou yo explore vokabilè yo.

Yon lòt bagay nou te wè nan rechèch Ben te fè se konbye fwa kèk lèt kon itilize an kreyòl. Rechèch la moutre genyen anpil lèt ki itilize plizyè fwa epi genyen lòt mo ki itilize selman de twa fwa. Rezon sa afekte m e poutèt m renmen itilize mo ki espesyal. E konsa m kon jwe eskrab angle a. M kòn pase chans mwen kont fwa pou le m jwenn yon mo ki byen serye m kapab jwenn anpil pwen.

Depi Dejan t ap jwe eskrab kreyòl m kwè li t ap fè menm jan. Pito li mete ti mo o fraz piti li ta vle mete gwo mo pou li moutre tout moun jan li se gwo nèg avèk anpil sèvo. Nan liv li ekri

nou we li konnen anpil mo. M kwe m aprann plis mo nan liv sa pase pyes nan liv angle mwen.

Dejan se yon neg ki te fe anpil pou mo Ayiti. Fòk moun selebre li pou tout bagay lengwistik li fe pou moun Ayisyen.

Works Cited

Dejan, Iv. Yon Lekòl Tèt Anba Nan Yon Peyi Tèt Anba. Pòtoprens: FOKAL (Fondasyon Kilti Ak Libete), 2006.